

Salè Minimòm Eta New York

Ant 31 desanm 2016 ak 30 desanm 2017, salè minimòm debaz la se:

- \$11.00 pa èdtan nan Vil New York (biznis ki gen 11 anplwaye oswa plis)
- \$10.50 pa èdtan nan Vil New York (biznis ki gen 10 anplwaye oswa mwens)
- \$10.00 pa èdtan nan Long Island ak Konte Westchester
- \$9.70 pa èdtan nan rès Eta New York
- Salè minimòm pou travayè fasfoud* yo se:
- \$12.00 pa èdtan nan Vil New York
- \$10.75 pa èdtan nan rès Eta New York

Anplwaye sektè prive ki nan eta a, tankou travayè nan kay (nan pifò ka yo), dwe resevwa salè minimòm debaz la.

Salè debaz pa èdtan an ka chanje anba règ yo konnen kòm "lòd pou salè" ki fikse salè minimòm pou djòb ki nan:

- Ospitalite, sèvis bilding ak endistri agrikòl; epi
- Tout lòt endistri ak metye.

Lòd pou salè ki fikse:

- Salè pa èdtan;
- Salè pou travay siplemantè (sof nan agrikilti); ak
- Kredi pou manje ak ebèjman, si se patwon an ki bay yo.

Anpil lòd pou salè fikse salè minimòm pa èdtan si travayè a resevwa poubwa regilyèman. Lòd pou salè sa yo pibliye sou sitwèb Depatman Travay (Department of Labor) nan www.labor.ny.gov/minimumwage.

Lè travayè yo pran swen inifòm yo, yo dwe touche yon kantite lajan sou salè minimòm nan.

Anplwaye ki fè travay an pyès ta dwe touche yon salè ki mete yo omwen nan salè minimòm debaz la.

Yon semèn travay nòmal se 40 èdtan. Si anplwaye yo travay nenpòt kantite èdtan anplis sa, lè sa a patwon an dwe peye yo a 1½ fwa salè regilye a.

Depatman Travay ede fè rekouvremman aryere salè pou travayè ki pa t resevwa salè minimòm nan. Patwon ki vyole Lwa sou Salè Minimòm (Minimum Wage Law) ka resevwa lòd pou peye:

- Aryere salè;
- Enterè;
- Dedomajman an lajan kach; ak
- Amann.

Yo tonbe anba pouswit kriminel ak sanksyon. Amann pou vyolasyon yo kapab rive jiska yon total 200 pousan salè yo pa t peye a. Yo ka gen pou peye yon enterè 16 pousan sou salè yo pa t peye anplwaye yo.

Patwon yo dwe mete yon afich Salè Minimòm nan espas biznis kote travayè yo kapab wè li.

Patwon ki gen kesyon oswa enkyetid sou fason pou yo respekte Lwa sou Salè Minimòm nan kapab kontakte Depatman Travay nan nimewo (888) 469-7365 pou yo jwenn èd, ant 8 a.m. ak 5 p.m., lendi jiska vandredi.

*Yon travayè fasfoud se nenpòt moun k ap travay nan oswa pou yon biznis fasfoud pou nenpòt patwon kote responsablite djòb moun nan gen ladan: sèvis kliyantèl, kwit manje, preparasyon manje oswa bwason, livrezon, sekirite, estokaj pwovizyon oswa ekipman, netwayaj oswa antretyen woutin.

**Sanksyon pou Vyolasyon Lwa a:
Amann jiska 200 pousan sou salè
ou dwe yo ak enterè 16 pousan.**